

**ADRÈS AK KALANDRIYE POU VOTE PI BONÈ POU  
ELEKSYON JENERAL ETA FLORID AK ELEKSYON ESPESYAL VIL MIAMI 8 NOVANM 2022**

Vote pi Bonè pou Eleksyon Jeneral Eta Florid ak Eleksyon Espesyal Vil Miami 8 novanm 2022 yo pwograme pou sit, dat ak lè yo deziyen anba a. Votè ki enskri nan Vil Miami yo ka chwazi pou yo vote nan nenpòt nan sit pou Vote pi Bonè nan dat ak lè yo louvri.

DAT	LÈ
Lendi 24 oktòb 2022	7:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Madi 25 oktòb 2022	7:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Mèkredi 26 oktòb 2022	7:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Jedi 27 oktòb 2022	7:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Vandredi 28 oktòb 2022	7:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Samdi 29 oktòb 2022	7:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Dimanch 30 oktòb 2022	7:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Lendi 31 oktòb 2022	7:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Madi 1ye novanm 2022	7:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Mèkredi 2 novanm 2022	7:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Jedi 3 novanm 2022	7:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Vandredi 4 novanm 2022	7:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Samdi 5 novanm 2022	7:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Dimanch 6 novanm 2022	7:00 a.m. rive 7:00 p.m.

Pandan peryòd Vote pi Bonè a, ou ka vote nan nenpòt sit Vote pi Bonè atravè Konte a. Pou w jwenn yon lis lokal Vote pi Bonè atravè Konte a, vizite <https://www.miamidade.gov/global/elections/home.page>

**TANPRI NOTE KE YO PAP UTILIZE MERI VIL MIAMI KÒM YON SIT VOTE PI BONÈ AKOZ KAPASITE LIMITE LI POU RESEVWA GWO PATISIPASYON YO ESPERE POU ELEKSYON JENERAL ETA FLORID AK ELEKSYON ESPESYAL VIL MIAMI 8 NOVANM 2022 YO. YO VA UTILIZE GARAJ ISTORIK (HISTORIC GARAGE) KI SOU MENM PWOPRIYETE KI TE ANSYEN MIZE SYANS LAN KÒM YON SIT RANPLASMAN (GADE ANBA LA A\*).**

Sit Vote pi Bonè ki nan Vil Miami gen ladan sa ki annapre yo:

SIT VOTE PI BONÈ KI NAN VIL MIAMI
<b>*Historic Garage, 3250 South Miami Avenue, Miami, FL 33129</b> (Ki lokalize sou menm pwopriyete a ak ansyen Mize Syans la lè w ap antre sou bò dwat la)
<b>Lemon City Branch Library, 430 NE 61<sup>st</sup> Street, Miami, FL 33137</b>
<b>Stephen P. Clark Government Center, 111 NW 1<sup>st</sup> Street, Miami, FL 33128</b> (Sikisal Biwo Depatman Eleksyon Miami-Dade ki nan lòbi a)

**Va gen yon estasyon resepsyon bilten vòt (Bwat pou Lage Bilten Vòt pou Vote pa Lapòs) ki disponib epi va gen pèsònèl nan chak lokal Vote pi Bonè yo pandan orè fonksyònman yo.**

Lè w ap vote nan kèlkeswa kote a, keseswa nan yon adrès pou Vote pi Bonè oswa nan Jou Eleksyon an, asire ke ou pote yon pyès idantite ki ajou e valid ki gen non ou, foto ou ak siyati ou sou li. Pandan li pa obligatwa pou pote kat enfòmasyon votè ou nan biwo vòt la, li va ede ou pase pi vit.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite <http://miamigov.com/elections> oswa kontakte Biwo Grefye Vil nan Vil Miami nan [Clerks@miamigov.com](mailto:Clerks@miamigov.com) oswa nan 305-250-5361.



Todd B. Hannon  
Grefye Vil  
Anons Nim. 40188